

Date : September 16, 2014

Nimewo Pwogram Nan : 0972

Tit Pwogram Nan : Ebre 10:11- 26

Mwen kontan resevwa w' jodia ankò nan yon lòt edisyon etid bilik Atravè Labib. Pasaj nou se Ebre 10:11-26.

M'ap envite w' jwenn avèk mwen nan lapriyè.

Mèsi Senyè pou jounen jodia e pou gran verite yo W'ap anseye nou nan Pawòl. Ak sèl ti lespri nou, nou pa ka fin konprann yo men pa pouvwa Lespri Sen an ki alafwa pwofesè k'ap anseye nou an e Moun k'ap louvri lespri nou pou n' konprann lan, se sèten n'ap ka tandè vwa W' k'ap pale ak nou, konprann mesaj Ou gen pou nou e aplike l' nan lavi nou. Ke non Ou Papa kapab glorifye nan nou e pami nou. Se nan non ti Mouton san defo yo te sakrifye men ki vivan an, vwal dechire ki louvri chemen ki mennen nan prezans Ou a, nou priye W', amèn.

M'ap swete w' byenvini etid la, n'ap konsidere Ebre 10:11-26.

Ebre 10 :11 Pou prèt jwif yo, se chak jou pou yo kanpe ap fè sèvis yo. Y'ap plede ofri menm sakrifis yo plizyè fwa. Men, sakrifis sa yo p'ap janm ka wete peche.

Sakrifis sa yo p'ap janm ka wete peche, yo te sèlman ka kase fèy kouvri sa, se te yon ekspiyasyon men yo pa t' janm ka wete peche.

Ebre 10 :12 *Men, Kris la pou tèt pa l' fè yon sèl ofrann san pou tout peche yo, yon ofrann san ki bon pou tout tan. Apre sa, li chita sou bò dwat Bondye.*

Poukisa L'al chita? Eske se paske L' fatigue? Non. Eske L' te chita paske L' pa t' vle fè anyen? Non. Jezi chita paske pa gen anyen ankò ki rete pou L' fè, Li fè yon sèl ofrann san pou tout peche yo, yon ofrann san ki bon pou tout tan.

Ebre 10 :13 *Koulye a, se la l'ap tann Bondye mete tout lènmi l' yo tankou yon ti ban pou lonje pye li.*

Senyè Jezi chita ap tann. Gen moun ki bezwen sove toujou. Nou lapriyè pou di: "Vini kounyea, Senyè Jezi" men L' reponn "Non, pa kounyea. Fè yon ti tann, paske M' ta renmen sove kèk moun toujou." Si w' poko konvèti se yon gwo opòtinite L'ap bay jodia. Sòm 110:1 di: " -Chita la sou bò dwat mwen, jouk tan mwen fè lènmi ou yo tounen yon ti ban pou lonje pye ou." Vèsè sa a ap fè referans sou dezyèm vini Kris la sou latè. Men annatandan L'ap tann plis moun nan fanmi imen an vin jwenn Li.

Ebre 10 :14 *Konsa, avèk sèl ofrann li fè a, li fè moun li netwaye anba peche yo bon nèt pou tout tan.*

Yon sèl grenn ofrann lan fè tout sa lòt ofrann avan yo mete ansanm pa t' ka fè. Si Kris pa ka sove w' e kenbe w', enben Bondye pa gen okenn lòt mwayen pou L' ta sove w' e kenbe w'.

Ebre 10 :15-17 *Se sa Sentespri di nou tou. Paske, lè li fin di: Men kontra mwen pral fè ak yo apre jou sa yo. Se Bondye menm ki di sa. M'a mete lwa m' yo nan kè yo, m'a make lwa m' yo nan lespri yo. Apre sa, li di: Mwen p'ap janm chonje ni peche yo, ni sa yo fè ki mal.*

Sa se pati esansyèl sitasyon ki tire nan Jeremi chapit 31 an. Bondye di: "Mwen pral pase yon Nouvo Kontra ak Izrayèl." Bondye poko fini ak yo, e si w' li Bib ou kòm sa dwa, ou va remake sa tou.

Kounyea m' ta renmen fè w' sonje nan seksyon n'ap etidye la a nan lèt Ebre a n'ap konsidere pi gran divizyon ki genyen nan Pawòl Bondye a. Se tankou yon mòn Pilbowo ki plase ant Ansyen Kontra a ak Nouvo Kontra a, ant Ansyen Testaman ak Nouvo Testaman. E pa bliye se Bondye ki te bay tou de. Tounen nan Ebre 9:9 n'ap sonje yo te di: "*... Bondye aboli tout ansyen ofrann bèt yo, li ranplase yo ak ofrann Kris la menm.*" Bondye aboli tout ansyen ofrann yo sa vle di Ansyen Kontra a pou L' ka etabli yon Nouvo, yon Dezyèm Kontra. Lè Senyè nou Jezikri te mouri sou lakwa, gen yon bagay trè enpòtan ki te pase: rido tanp lan te chire fè de moso. Lòm pa gen pou pwoche kot Bondye atravè sakrifis san towò bèf ak bouk kabrit ankò; kounyea Senyè Jezi trase yon wout pou nou atravè pwòp kò Li, yon wout pou mwen menm avè w'. Gade yon fwa ankò sa vèsè 10 la di: "*Kifè nou netwaye anba peche nou yo, se paske Jezikri te fè tou sa Bondye te vle, li ofri kò pa li bay Bondye yon sèl fwa, epi l' fini.*" Anfaz la isit la se ou ekspresyon "yon sèl fwa a", kòm Senyè Jezi te fè l' yon sèl fwa epi se fini enben kesyon sakrifis bèt la tou koupe sèk. Se enteresan pou w' remake depi lè women yo rele Titus la te fin detwi tanp Jerizalèm nan nan lanne 70 apre Jezikri yo poko janm tounen ofri okenn sakrifis sanglan ankò lavil Jerizalèm. Pa gen okenn sakrifis sanglan k'ap fèt nan jou nou yo e ni pa sanble sa va reprann nan yon tan ki pa twò lwen. Bondye aboli Ansyen an dekwa pou L' te ka etabli yon Nouvo.

M' pa kwè nou ka janm rive mete twòp aksan sou sa. Kòm ou konnen, premye Kontra a te gen anpil prensip ak règleman. Ansyen Kontra a se te yon lwa, yon lwa trè detaye. Te gen lwa

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

seremonyèl yo ki te bay anpil detay sou fason pou yo ofri sakrifis yo; te gen Dis Kòmandman ak plizyè lòt kòmandman ou règ. E pou di vre pa nati lòm byen renmen règ ak kòmandman. Lòm jwenn li fasil pou obeyi kòmandman, se sa k' fè gen moun ki pretann di se Mesay Sou Mòn nan ki relijyon yo. Yo ka pa konnen sa l' di egzakteman ou sa l' vle di, men yo renmen l' pakse se yon bann règ, règ yo fè tèt yo ilizyon panse yo ka swiv. Istwa limanite e tout kantite kilt ak relijyon "tis" yo k'ap boujonnen tankou zèb nan raje yo pwouve sa. Lòm renmen viv dapre kèk regleman e swiv sèten rit.

Men kounyea nan Nouvo Kontra a nou anba yon lòt sistèm, yon sistèm konplètman diferan. Apot Pòl te di kreyen lavil Korent yo dapre 2 Korent 3:6: "*Se li menm ki fè m' ka sèvi anba nouvo kontra a. Kontra sa a pa t' fèt dapre lalwa ki ekri a, men dapre pouvwa Lespri Bondye a. Lalwa ki ekri a bay lanmò, men Lespri Bondye a bay lavi.*" Kèk moun dwòl te vini ak yon fo doktrin pou ta fè kwè vèsè sa a vle di yo pa t' dwe etidye Labib. Yo di lalwa ki ekri a vle di Labib e ke se Lespri sen an ki bay lavi. Bon, evidamman nou byen konnen sa pa sa Pòl ap di, paske fen vèsè 7 2 Korent chapit 3 di: "*.... Si travay lalwa a, ki te la pou bay lanmò, te parèt konsa.*" Donk evidamman sa ap fè referans sou lalwa ou ankò Dis Kòmandman yo. Nou ka di pou sèten "pawòl ki ekri a" se kòmandman yo. Dis Kòmandman yo te la pou bay lanmò. Zanmi lalwa la pou touye. Lalwa pa janm sove pèsonn. L'ap touye w' paske l' mennen w' tou dwat anba jijman Bondye. Se Lespri ki bay lavi, e ou menm avè m' n'ap viv jodia nan jou kote se Lespri Sen an ki rejenere nou, se Li ki kondi nou e montre nou volonte Bondye.

Ebre 10 :18 *Konsa, lè Bondye fin padonnen peche yo, pa gen nesesite pou yo fè ofrann ankò pou wete peche.*

Sistèm sakrifis la te kòmanse ak Abèl e l' te fini ak lanmò Kris sou lakwa. Epi konsa, vèsè 18 la fini ak sesksyon doktrinal la.

ANKOURAJMAN

Ebre 10:19-25 konstitiye seksyon pratik chapit la e l' pale sou privilèj ak responsablite.

Ebre 10 :19 *Konsa, frè m' yo, gremesi san Kris la ki koule lè li mouri pou nou an, nou gen antre lib kote yo mete apa pou Bondye a.*

Glwa a Dye! Jodia nou gen antre lib kote yo mete apa pou Bondye a. Men remake byen kote pasaj la di nou jwenn dwa antre sa a. Ki kote? Kòman n' ka fè oze mete pwent pye nou kote ki apa a? Repons lan se : *gremesi san Kris la ki koule lè li mouri pou nou an.*

Ebre 10 :20 *Kris la louvri yon chemen nèf pou nou, yon chemen k'ap ban nou lavi, yon chemen ki pase nan mitan vwal la, sa vle di: nan kò l' menm.*

Vwal sa a te fann an de lè yo te krisifye Kris la sou kwa a, sa ki endike chemen ki mennen kote Bondye a te louvri.

" ... *Yon chemen ki pase nan mitan vwal la, sa vle di: nan kò l' menm.*" Mo "kò" a nou jwenn isit la nan lèt Ebre a, se menm mo apot Jan te itilize nan entwodiksyon lèt li a lè li di: "Pawòl la tounen moun." Se menm mo a yo tradwi pa "kò" e pa "moun". Jan nan ka pa l' pa t' di se te yon chemen tou nèf ki mennen kot Bondye, paske enkanasyon an, lavi Kris la pa sove pèsoun. Se atravè san Kris nou antre kote ki apa nèt la. Pèmi antre pa fèt atravè enkanasyon L' men atravè dechiman vwal la, ou ankò

© Trans World Radio

Traduction et Production : Storly Michel (SMProduction), mstorly@hotmail.com

lanmò Kris. Ou menm avè m' gen privilèj louwe Bondye, pa akòz lavi Jezi, men akòz lanmò L' pou nou sou lakwa. O, zanmi ala l' enpòtan pou n' fè distenksyon sa a!

" *Kris la louvri yon chemen nèt pou nou, yon chemen k'ap ban nou lavi.*" Mo "nèt" la se Grèk "prosphatos", ki vle di "apèn kòche." Sa pale sou lefèt ke Senyè Jezi louvri pou mwen menm avè w' yon chemen nèt k'ap bannou lavi, yon chemen ki mennen kot Bondye atravè krisifiksyon L', pa mwayen lanmò L' sou lakwa. Ansyen sakrifis bèt yo pa ka fè anyen pou ou ankò, zanmi.

Ebre 10 :21 *Nou gen yon granprèt ki reskonsab tout kay Bondye a.*

Ala yon bèl privilèj pou nou gen yon avoka devan Bondye, Jezikri, moun ki fè sa ki dwat la, k'ap viv pou toutan pou entèsede pou nou.

Nan vèsè anvan an vèsè 20 an ou ka wè yo te di Kris la louvri *yon chemen ki pase nan mitan vwal la*. Lè Kris te renmèt Lespri L' nan men Bondye Papa a pandan L' te pandye sou kwa, vwal tanp te chire fè de moso, sa ki te louvri chemen ki mennen nan prezans Bondye Papa a menm.

Koulyea nou resevwa envitasyon. Gen kèk teolojyen ki kwè se a moun ki poko konvèti yo ase envitasyon an lanse. Men mwen menm m' kwè li pou tou de ni moun konvèti ni moun ki poko konvèti. Paske kounyea nou menm ki sove, nou gen yon Granprèt ki chita sou bò dwat Bondye Papa a.

Ebre 10 :22 *Ann pwoche bò kot Bondye ak tout kè nou, ak yon konfyans byen chita, san nou pa gen anyen nan kè nou ki pou boulvèse konsyans nou, kò nou menm byen netwaye nan yon dlo byen pwòp.*

Sa gen pou wè ak konsekrasyon prèt yo nan sistèm Arawonik lan. Moyiz te wouze yo ak dlo dedikas la. E yo te bezwen lave tout kò yo pou demontre yo te mete yo apa pou sèvis Bondye. Menmjan an tou konsekrasyon nou pou Bondye penmèt nou pwoche kote L' ak tou kè nou.

"... Ak yon konfyans byen chita." Remake, sa pa gen anyen pou wè ak gwosè ou valè lafwa nou; men pito sou objè lafwa nou. Yon vrè lafwa toujou depann sou objè li. Tankou w konnen, lafwa ka mal plase, ou ka mete konfyans ou nan yon moun sou latè e soti konplètman dezapwente. Lafwa se pa sèlman kwè Bondye egziste. Kwè Bondye egziste sèlman pwouve ou pa yon ate. Non sèlman w' bezwen konnen Bondye egziste e konnen chemen ki mennen nan sa ki dwat la men ou bezwen aji dapre lafwa w' tou. Vrè lafwa vle di ou te resevwa Jezi nan lavi w' tout bon kòm Sovè pèsonèl ou. Bib la byen klarifye sa pou nou. Nou li nan Jan 1:11, 12: *"Li vin nan peyi l'; men tout moun nan peyi l' pa t' resevwa li. Men, sa ki te resevwa l' yo, sa ki te kwè nan li yo, li ba yo pouvwa tounen pitit Bondye."* Lafwa nan Kris vle di resevwa Kris kòm Sovè. Lafwa se aksyon baze sou konesans. Bondye pa janm mande nou vòltije nan fènwa. M' pa dakò ak teolojyen sa a ki te di "lafwa se vòltije nan fènwa." Si sa ta vre zanmi enben w mèt tou rete kote w' ye a, ou pa bezwen vòltije paske ka se nan yon falèz w'al lage tèt ou. Ou pa bezwen vòltije nan fènwa, paske Bondye bannou konesans. Women 10:17: *"Konsa, se lè ou tande mesaj la ou vin gen konfyans. Mesaj la, se pawòl Kris la y'ap anonse."* Bondye tabli yon fondasyon solid pou lafwa nou. I Korent 3:11: *"Paske fondasyon an deja la: se Jezikri. Pesonn pa ka poze yon lòt."* Monte sou fondasyon an, zanmi. Sa se konesans, men se lafwa ki mennen w' la. Lafwa se yon aksyon ki baze sou konesans, sa vle di pou kwè e asepte Jezi kòm Sovè pèsonèl ou.

*"... San nou pa gen anyen nan kè nou ki pou boulvèse konsyans nou, kò nou menm byen netwaye nan yon dlo byen pwòp." Sa vle di mwen menm avè w' nou fè pati yon sasèdòs. Yonn nan gran verite yo Jean Calvin te redekouvri se sasèdòs tout kwayan yo. Chak kretyen se yon prèt, e kòm tèl, ou ka pwoche kote Bondye avèk asirans, san pa gen anyen nan kè nou ki pou boulvèse konsyans nou. Tèlman gen moun k'ap mande pastè pou priye pou yo, se byen, se nòmal pa gen anyen ki mal nan sa men pa bliye chak kretyen, tout kretyen gen aksè dirèk kote Bondye. Ni mwen ni ou, ni li, tout moun konvèti gen menm dwa nan prezans Bondye paske *Kris la louvri yon chemen nèf pou nou, yon chemen ki pase nan mitan vwal la*. Se sou baz sa a nou pwoche kot Bondye.*

Ebre 10 :23 *Ann kenbe espwa nou genyen an byen fèm. Paske, nou mèt sèten, Bondye ap kenbe pwomès li.*

"Ann kenbe espwa nou genyen an byen fèm." Ann pwoche kote Bondye men ann kenbe espwa nou gneyen an byen fèm. Poukisa? Paske nou gen espwa, e espwa toujou gade nan fiti, nan bagay ki poko rive. Ala mèvèye ke n' ka pwoche kote Bondye avèk asirans lafwa, e an menmtan nou ka kenbe espwa nou fèm. Tankou otè kantik la di l':

*Si pre, si pre Bondye,
Nou pa ka avanse pi pre
Paske nan Pitit L'a
Nou osi pre ke Li*

*Si chè, si chè pou Bondye
Nou pa ka pi chè ke sa
Paske nan Piti L'a
Nou osi chè ke Li.*

Vèsè 22 a di nou bezwen avanse pi pre. Vèsè 23 a di nou bezwen kenbe fèm. E kounye y'ap di nou yon twazyèm bagay nan vèsè 24 la:

Ebre 10 :24 *Se pou nou yonn veye sou lòt pou yonn ka ede lòt gen renmen nan kè nou, pou yonn ka ankouraje lòt nan fè sa ki byen.*

" *Se pou nou yonn veye sou lòt pou yonn ka ede lòt...*" Mo veye sou lòt la soti nan Grèk *paroxusmos*, ki se menm orijin mo pawoksism nan, ki vle di literalman "avèk angouman". Donk nou ka di: *Se pou nou yonn veye sou lòt (avèk angouman) pou yonn ka ede lòt gen renmen nan kè nou, pou yonn ka ankouraje lòt nan fè sa ki byen.*

Ebre 10 :25 *Pa pran egzanp sou moun ki pran abitud pa vin nan reyinyon nou yo. Okontrè, se pou yonn ankouraje lòt fè sa, koulye a pi plis pase anvan, paske nou wè jou Seyè a ap pwoche.*

Si gen yon lè kretyen bezwen mete tèt ansanm, se jodia. Olye n'ap detwi yonn lòt nou bezwen rasanble ansanm nan lanmou nan pye Senyè a.

" *Se pou yonn ankouraje lòt fè sa.*" Gen vèsyon ki di se pou nou egzòte yonn lòt. Nou bezwen etidye Labib ansanm. Bondye gen yon bagay patiklye Li rezève pou yon gwoup ke yon endivi pap janm ka jwenn pou kont li. Yonn nan rezon ki fè m' renmen anseye Pawòl la m' dwe konfese se yon rezon egoyis. Se paske Bondye pap kite m' grandi nan konesans Pawòl la si m' pa pataje l' ak lòt moun. Nou pa dwe abandone asanble nou, nou pa dwe pran abitud pa vin nan reyinyon nou yo. Si gen etid bibliik nan legliz ou, enben pa rate l' paske gen yon benediksyon la pou ou ke w' p'ap ka jwenn lè w'ap etidye Bib la pou kont ou. Konsa nou

jwenn twa rekòmandasyon nan seksyon sa a, e yo touletwa kòmanse ak "annou":

Ann pwoche bò kot Bondye ak tout kè nou, ak yon konfyans byen chita

Ann kenbe espwa nou genyen an byen fèm.

Annou (Se pou nou) yonn veye sou lòt pou yonn ka ede lòt gen renmen nan kè nou

Sa prezante yon fwa ankò twa bagay ki la pou toutan yo: Lafwa, lesperans ak lanmou. Ala yon lèt pratik, papa!

" *Paske nou wè jou Seyè a ap pwoche.*" Pou Ebre yo ki se destinatè lèt la, jou Senyè a vle di jou lè yo t'apral detwi tanp Jerizalèm nan, ki se lanne 70 apre Jezikri. Sonje kwayan yo te konn reyini ansanm nan tanp lan. Se la yo te ye jou Lapannkòt la lè Lespri Sen an te desann nan. Se nan tanp lan Pyè ak Jan t'aprale lè yo te rankontre nonm paralize ki t'ap mande charite devan bèl pòt la. Alò se ki kote yo t'apral reyini kounyea lè tanp lan fin kraze? Otè a ap ankouraje yo pou di: tandiske jou Senyè a lè nou p'ap ka reyini nan tanp lan ankò ap pwoche, kontinye reyini ansanm, kontinye ankouraje yonn lòt. E anfèt se te nan mezon prive, reyinyon a domisil, legliz te kòmanse.

SIYAL DANJE: RISK MEPRI

Sa se avètisman ki pi solanèl nan yo tout. Anfèt se bagay ki pou cheve w' kanpe nan tèt ou.

Ebre 10 :26 *Si, apre nou fin konn verite a, nou toujou ap fè sa nou konnen ki mal, pa gen ofrann bèt ki ka wete peche sa yo.*

" *Si, apre nou fin konn verite a, nou toujou ap fè sa nou konnen ki mal...*" vle di chwazi tounen al peche volontèman nan ofri sakrifis bèt. Sa se yon atitud anvè Pawòl Bondye ke Bondye konsidere kòm rebelyon volontè. Pa gen okenn lòt sakrifis nan Ansyen Testaman ou nan Nouvo Testaman pou peche prezanptye.

Zanmi, pa refize yon si gran sakrifis non! Pa meprize gwo sakrifis Senyè a fè pou ou a non! E sèl fason ou ka montre apresiyasyon w' se lè w'asepte Jezi kòm sovè pèsonèl ou. Si w' poko te fè sa, jodia se jou-j a. Resevwa Kris nan lavi w' pou w' ka libere anba peche e eritye lavi ki p'ap janm fini a. Se te yon plezi pou nou te ansanm nan etid jodia, n'ap kite w' kounyea nan prezans Bondye ki gen tout pouvwa a!